

**Mesaj Prezidan
Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Li resisite

Yon temwayaj sou reyalite Rezirèksyon Jezikri a se yon sous lespwa ak detèminasyon. E sa kapab konsa pou nenpòt pitit Bondye. Rezirèksyon an sete yon sous lespwa ak detèminasyon pou mwen yon jou ete an Jen 1969 kote manman m te mouri, li toujou rete sa pandan tout ane apre yo, e l ap toujou rete sa jiskaske m wè l ankò.

Tristès separasyon tanporè a te imedyatman ranplase pa bonè. Sete plis pase espwa yon reyinyon lajwa. Paske Senyè a revele anpil bagay atravè pwofèt li a e paske Sentespri a konfime verite Rezirèksyon an pou mwen, mwen ka wè nan lespri m kisa sa pral sanble lè nou reyini avèk moun nou yo ki sanktifye ak resisite yo.

“Se moun sa yo ki pral leve nan rezirèksyon moun ki jis yo. . . .

“Se moun sa yo ki gen non yo ekri nan syèl la, kote Bondye ak Kris la se jij tout moun.

“Se moun ki jis sa yo ki te vin pafè pa lantremiz Jezi, ki se medyatè nouvo alyans lan, ki te reyalize ekspasyon pafè sa a pa mwayen pwòp san pa li ki te koule. (D&A 76:65, 68–69).

Paske Jezikri te kase chenn lanmò, tout pitit Papa nou ki nan Syèl la ki fèt nan mond lan ap resisite avèk yon kò ki pap janm mouri. Konsa temwayaj pa m ak pa ou konsènan verite gloriye sa a kapab chase doulè pèt yon manm fanmi oswa yon zanmi pou ranplase li pa bèl lespwa ak detèminasyon fèm.

Senyè a bay nou tout kado rezirèksyon, kote espri

nou pral plase nan kò ki pap gen okenn enpèfeksyon fizik (gade Alma 11:42–44). Manman m pral parèt jèn ak bèl, efè laj yo ak efè dèzane soufrans fizik yo pral efase. Sa apral vini kòm kado pou li menm ak pou nou menm.

Men sa nan pami nou yo ki ta renmen viv avèk li pou tout tan yo dwe fè chwa pou kalifye yo pou jwi asosyasyon sa a, pou viv kote Papa a ak Pitit Gason Byeneme resisite l la demere nan laglwa a. Se sèl plas kote lavi famiyal kapab kontinye etènèlman. Yon temwayaj konsènan verite sa a ogmante detèminasyon mwen pou m kalifye tèt mwen ak moun mwen renmen yo pou degre ki pi wo nan wayòm syèl la atravè Ekspyasyon Jezikri a k ap travay nan lavi nou (gade D&A 76:70).

Senyè a ofri nou yon gid nan rechèch pou lavi etènèl la nan priyè Sentsèn yo ki ede m e ki ka ede w tou. Yo envite nou pou nou renouvle alyans batèm nou yo nan chak reyinyon Sentsèn.

Nou pwomèt pou nou toujou sonje Sovè a. Anblèm sakrifis li a ede nou apresye grandè pri li te peye pou kase chenn lanmò a, pou ofri nou mizèrikòd, ak ba nou padon pou tout peche nou si nou chwazi pou nou repanti.

Nou pwomèt pou n respekte kòmandman l yo. Li ekriti yo ak pawòl pwofèt vivan yo e koute oratè enspire nan reyinyon Sentsèn nou yo raple nou alyans nou fè pou n respekte yo a. Sentespri a mete kòmandman nou pi bezwen respekte yo nan panse

nou ak nan kè nou jou sa a.

Nan priyè Sentsèn yo, Bondye pwomèt pou l voye Sentespri a pou rete avèk nou (gade Mowoni 4:3; 5:2; D&A 20:77, 79). Nan moman Sentsèn sa a mwen vin twouve ke Bondye kapab ban m sa ki sanble yon entèvyou pèsònèl. Li raple m kisa m fè ki fè l plezi, bezwen mwen pou repantans ak padon, ak non ak vizaj moun Li ta renmen mwen sèvi pou Li.

Atravè ane yo, eksperyans repete sa a vin fè lespwa tounen santiman charite e pote asirans ke mizèrikòd prepare pou mwen pa mwayen Ekspyasyon ak Rezirèksyon Sovè a.

Mwen temwaye ke Jezikri se Kris resisite a, Sovè nou, ak egzanp ak gid pafè nou ou rive nan lavi etènèl la.

ANSÈYMAN KI NAN MESAJ SA A

Nou dwe “konpare tout ekriti yo avèk lavi nou pou nou kapab pwofite ak aprann” (1 Nefi 19:23). Panse pou n li priyè Sentsèn yo, ki nan Doktrin ak Alyans

20:76–79. Lè w fin li ansèyman Prezidan Eyring nan sou priyè sentsèn yo, ou gen dwa envite moun w ap anseye yo pou yo panse ak fason priyè sa yo kapab gide lavi yo e ede yo retounen viv ankò avèk Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri.

JÈN YO

Entèvyou pèsònèl ou avèk Bondye

Prezidan Eyring anseye ke si nou koute priyè sentsèn yo, nou ka santi se kòmsi n ap fè yon entèvyou pèsònèl avèk Bondye. Prezidan Eyring panse ak twa domèn sa yo. Panse pou w ekri kesyon sa yo nan journal ou epi medite sou yo chak Dimanch mwa sa a. Si ou medite e ou resevwa enpresyon nan men Sentespri a, ou ka ekri yo nan journal ou tou.

- Ki bagay mwen fè ki fè Bondye plezi?
- Pou ki bagay mwen bezwen repanti oubyen mande padon?
- Kimoun Bondye ta renmen m sèvi?



Lafwa, Fanmi, Sekou

Alyans tanp

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fotifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Prezidan Thomas S. Monson di: “Òdonans sali nou resevwa nan tanp yo ki ap pèmèt yon jou pou nou retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la nan yon relasyon famiyal etènèl la epi dote avèk benediksyon ak pouvwa soti anwo yo, diy pou tout sakrifis ak kèlkeswa efò a.¹ Si ou poko ale nan tanp, ou ka prepare pou resevwa òdonans sakre tanp yo pa mwayen sa a:

- Kwè nan Papa nou ki nan Syèl la, nan Jezikri, ak Sentespri al.
- Kiltive yon temwayaj sou Ekspyasyon Jezikri a ak sou levanjil retabli a.
- Soutni pwofèt vivan an epi suiv li.
- Kalifye pou yon rekòmandasyon tanp nan peye dim, rete moralman pi, onèt, respekte Pawòl Sajès la, ak viv an amoni avèk ansèyman yo nan Legliz la.
- Bay tan, talan, ak mwayen pou ede bati wayòm Bondye a.
- Patisipe nan travay istwa famiyal (jeneyaloji).²

Prezidan Monson te anseye pi lwen: “Si nou sonje alyans nou fè yo andedan [tanp lan], n ap vin plis kapab andire tout eprèw ak simonte tout tantasyon.”³

Apati Ekriti yo

Doktrin ak Alyans 14:7; 25:13; 109:22

Apati Istwa Nou

Plis pase 5.000 Sen te rasanble nan Tanp Novou a apre konsekrasyon l la. . . .

”Fòs, pouvwa, ak benediksyon alyans tanp yo te [soutni] Sen Dènnye Jou yo pandan vwayaj yo pou ale nan Lwès la, kote yo te [soufri] fredri, chalè, grangou, pòvrete, maladi, aksidan, ak lanmò.”⁴

Tankou anpil sè nan Sosyete Sekou, Sarah Rich te sèvi kòm travayè tanp. Li te pale sou eksperyans li: “Si se pa t pou lafwa ak konesans nou te resevwa nan tanp sa a nan men . . . Lespri

Senyè a, vwayaj nou an t ap tanp-kou yon pa nou t ap fè nan fènwa. . . . Men nou te gen lafwa nan Papa nou ki nan Syèl la, . . . ak santiman ke nou sete pèp chwazi li . . . , epi olye de soufrans, nou te santi pou n rejwi dèske jou delivrans sa a te vini pou nou.”⁵

Egzòd ka se pa t yon “pa nan fènwa” pou fi Sen Dènnye Jou fidèl yo. Yo te soutni pa alyans tanp yo te fè yo.

NÒT

1. Thomas S. Monson, “The Holy Temple—a Beacon to the World,” *Liahona*, Me 2011, 92.
2. Gade *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 105.
3. Thomas S. Monson, *Liahona*, Me 2011, 93.
4. *Filles dans mon royaume*, 29–30.
5. Sarah Rich, nan *Filles dans mon royaume*, 30.

Kisa M Ka Fè?

1. Èske m fè adorasyon nan tanp regilyèman?
2. Èske m ankouraje sè m yo pou yo resevwa benediksyon tanp yo?